 <p><b>Jackson</b> MEMORIAL HOSPITAL Jackson Health System</p> <p><b>SÈVIS SWEN DIJANS</b></p>	<p>Seksyon: JESYON KLINIK - TRIYAJ</p> <p>Sijè: Règleman nan kesyon Egzamen Medikal pou fè Tès Depistaj</p>
---	---

**Nivo:** Entèdepandan

**Objektif:** Nan lide pou redwi itilizasyon inital epi ki pa ijans ki fèt ak resous ECC yo, pasyan yo PA konsidere ki gen yon ijans apre li fin resevwa yon Egzamen Tès Depistaj Medikal (Medical Screening Exam, MSE) yon manm ekip ECC ki kalifye ak fòmè fè, yo pral refere pasyan sa yo bay doktè swen prensipal pa yo oswa nan nenpòt sant swen prensipal yo ki nan kominote a.

**Sipò**

**Done:** Jackson Memorial Hospital bay sèvis ijans pou tout moun selon Lwa sou Tretman Medikal Dijans ak Tranche Aktif (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act, EMTALA) ak nòm COBRA yo.


**KONTNI:**

1. Tout pasyan ki vini nan ECC yo pral benefisye yon Egzamen Medikal pou fè Tès Depistaj (Medical Screening Exam, MSE) nan men yon founisè swen sante kalifye, selon Règleman Pèsonèl Medikal Jackson Health System.
2. Si yo konsidere pasyan an gen yon pwoblèm medikal ijans, y ap evalue epi ospitalize pasyan an nan ECC a.

**TÈM PRENSIPAL:**

Yon pwoblèm medikal dijans vle di:

- A. yon pwoblèm medikal, ki prezante ak sentòm imedyata ki grav ase (tankou gwo doulè) ki k fè panse si yo pa bay swen medikal touswit, ou ka atann lojikman sa pral genyen rezilta tankou:
    1. mete nan gwo danje sante moun lan (oswa pou sa ki konsène yon fanm ansent, sante yon fanm oswa timoun ki poko fèt li a), oswa
    2. gwo deteryorasyon nan kapasite kò a, oswa
    3. gwo twoub fonksyonman nan nenpòt ògàn oswa pati kò a, oswa
  - B. pou sa ki konsène yon fanm ansent ki gen kontraksyon
    1. pa gen ase tan pou òganize yon transfè san danje nan yon lòt lopital anvan akouchman an, oswa
    2. transfè sa a gendwa reprezante yon danje pou sante oswa sekirite fanm lan oswa timoun ki nan vant lan.
3. Si yo PA konsidere pasyan an gen yon pwoblèm medikal dijans, y ap mande pasyan an pou li swiv kay doktè swen jeneral li an. Si pasyan an pa gen yon doktè swen jeneral, y ap bay pasyan an yon lis tout Klinik Swen Prensipal ki genyen nan Konte Dade lan (tankou FQHC yo ak Sant Sante Fanmi yo).
  4. Apre yo fin fè yon MSE, si yo PA konsidere pasyan an gen yon pwoblèm medikal dijans ensiste pou yo wè li nan ED (Depatman Dijans lan) a, y ap pran yon kopeman asirans pou vizit nan ED

 <b>Jackson</b> MEMORIAL HOSPITAL Jackson Health System  <b>SÈVIS SWEN DIJANS</b>	Seksyon: JESYON KLINIK - TRIYAJ
	Sijè: Règleman nan kesyon Egzamen Medikal pou fè Tès Depistaj

a pandan pwosesis anrejistreman an. Si pasyan an pa gen prèv asirans, y ap pran yon depo pandan pwosesis anrejistreman an. Apresa, y ap voye bòdwo balans fakti Depatman Dijans lan bay moun ki konsène yo.

Referans:

Moy, Mark. The EMTALA Answer Book (Liv Repons EMTALA). New York, NY: Aspen Publishers; Edisyon 2006.

Lwa sou Tretman Medikal Dijans ak Tranche Aktif (The Emergency Medical Treatment and Active Labor Act, EMTALA), Pub. L. No.992272 Title IX, 912(b) 100 Stat. 164 (kodifye jan li amande nan 42 U.S.C. 1395 dd(e) (1995).